



**BIWO
SANTE LEKÒL**

Jere alèji pitit ou nan lekòl li

Anviwon 4-6% timoun fè alèji avèk yon manje; alèji avèk manje se kòz ki pi kouran pou anafilaksi (yon reyaksyon alèji ki ka tiye w) pami timoun lekòl. **Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pa ofri yon anviwònman sèvis manje kote ki pa gen pistach, nwa, lèt, ni lòt manje ki pa gen alèjèn nan lekòl yo akòz risk ki toujou genyen pou elèv ekspoze pa aksidan avèk manje sa yo.** Pa gen lekòl ki ka garanti yon anviwònman ki pa gen alèjèn.

Nou vle asire pitit ou a resevwa pi bon swen posib la lè li nan lekòl la. Nou pran alèji, sekirite manje ak sante elèv oserye anpil. Sa vle di paran, ajan sante ak ekip lekòl la bezwen travay ansanm pou jere alèji pitit ou a.

Wòl ou kòm paran/moun k ap pran swen elèv la

- Paran/moun k ap pran swen elèv la dwe rankontre avèk enfimiyè lekòl la pi bonè posib pou kreye/revize [Plan Repons pou Alèji](#) a, epi wè ki manje elèv la kapab manje nan kafeterya a.
 - Pou referans pa w, ou ka jwenn meni SchoolFood la nan [link](#) sa a.
- Mande doktè pitit ou a pou ranpli fòm sa yo:
 - [Fòm pou yo bay elèv medikaman kont alèji/anafilaksi](#) (MAF)
 - [Fòm revizyon medikal pou elèv ki gen alèji grav](#)
- Asire enfòmasyon pou kontak nan ka ijans ki nan fòm sa yo toujou ajou. Remèt fòm lan bay enfimiyè lekòl la lè w fin ranpli li.
- Remèt enfimiyè lekòl la tout medikaman doktè pitit ou a preskri pou jere alèji pitit ou a.
 - Si yo preskri yon epi-pen, lekòl la ap travay pou asire yo kenbe epi-pen lan toupre pitit ou a – nan salklas la, nan kafeterya a ak sou lakou rekreyasyon an. Oswa, si pitit ou a kapab itilize epi-pen lan poukont li, donk y ap pèmèt li pou pote epi-pen lan avèk li. Enfimiyè lekòl la ap gen yon epi-pen tou disponib nan biwo li.
- Ba enfimiyè lekòl la yon lis manje ak engredyan pitit ou a dwe evite.
- Fè enfimiyè lekòl ou a konnen si pitit ou a gen opresyon, piske reyaksyon alèji ka pi mal nan timoun ki gen ni alèji ni opresyon.
- Pale avèk pitit ou a sou alèji li genyen pou li ka konnen ki manje pou li evite.
- Asire pitit ou a konnen pou l pa chanje manje avèk lòt elèv epi pou l pa manje anyen yo ofri li nan lekòl la san li pa konnen sa ki nan manje a.

Wòl pitit ou a

- Si pitit ou a kapab itilize epi-pen lan poukont li, donk y ap pèmèt li pou pote epi-pen lan avèk li tout tan.
- Pitit ou a sipoze lave men li apre li fin manyen manje, li pa sipoze fè echanj manje avèk lòt timoun, epi li pa sipoze manje anyen yo ofri l nan lekòl la san li pa konnen kisa ki ladan li.

Wòl ekip lekòl la

- Enfimyè lekòl la ak doktè lekòl la ap travay avèk doktè pitit ou a ak estaf lekòl la pou kreye yon plan prevansyon ak repons pou pitit ou a.
- Lekòl pitit ou a ap asire elèv ki gen alèji avèk manje patisipe nan tout aktivite lekòl la.
- Lekòl yo sipoze konsidere estrateji prevansyon tankou:
 - Pale sou “Konsyantizasyon sou alèji” pandan manje ak snacks nan ni kafeterya a ni salklas la
 - Chwazi yon zòn kote ou pa ka pote manje
 - Evite itilize alèjèn nan pwojè klas, fèt ak snacks
- Y ap bay manm estaf lekòl la trening pou yo konnen kisa pou yo fè nan ka reyaksyon alèji, tankou kòman pou yo itilize epi-pen.
- Nan ka reyaksyon alèji, yon manm estaf lekòl la ap:
 - Fè enfimyè lekòl la konnen si gen yon reyaksyon alèji epi rele EMS/911
 - Kontakte w ak ajan sante pitit ou a